No. of Printed Pages : 4

# BMAF-001

## स्नातक उपाधि कार्यक्रम

## ( बी. एम. ए. एफ. )

## सत्रांत परीक्षा

## जून, 2021

### बी. एम. ए. एफ.-001 : मैथिली में आधार पाठ्यक्रम

*समय : 2 घण्टे* *अधिकतम अंक : 50*

***नोट*** : सभ प्रश्नक उत्तर देब अनिवार्य अछि।

1. एतऽ किछु वाक्य उद्धृत अछि जे 'सत्य' वा 'असत्य' अछि। अहाँकेँ लिखबाक अछि जे कोन सत्य थिक आ कोन असत्य : 5

   (क) 'मनुष्य बाजब पहिने सिखलक आ लिखब पछाति।' (सत्य/असत्य)

   (ख) लिपिसँ विचारकेँ स्थायित्व भेटैत छैक। (सत्य/असत्य)





   (ग) चिंतन केँ समयसँ आगाँ बढ़ायब लिपिक समसँ पैघ गुण थिक। (सत्य/असत्य)

   (घ) मानव संस्कृतिक विकास में लिपिक कोनो योगदान नहि छैक। (सत्य/असत्य)

   (ङ) बजबाक भाषा आ लिखबाक भाषा क स्वरूप मे कोनो अंतर नहि होइत छैक। (सत्य/असत्य)

2. निम्नलिखित कहबीकेँ सही क्रम मे लिखू : 5

   (क) कोढ़िया हऽ चाहय

   (ख) श्री जगरनाथ कयल-घयल पर

   (ग) चाउर पुराने पथ्य पड़ैत छैक

   (घ) तेरहमे ने तीन मे

   (ङ) लोकक मुइने डेराइ नहि जमक परिकने डेराय

3. शुद्ध शब्द मे चिह्न (√) लगाउ : 5

   (क) सिल्प—शिल्प

   (ख) कृपान—कृपाण

   (ग) कल्यान—कल्याण

   (घ) कविस्वर—कवीश्वर

   (ङ) धर्मपरायण—धरमपरायन

4. निम्नलिखित शब्दक **तीन-तीन** टा पर्याय लिखू : 5

(क) जीव

(ख) चान

(ग) फूसि

(घ) कमल

(ङ) पोखरि

5. उद्गमक दृष्टिसँ शब्दक भेद लिखि उदाहरण द्वारा बुझाउ। 5

6. कोनो **एक** खण्डक सप्रसंग व्याख्या करू: 7

(क) प्रथमहि स र सासुर गेला। बिन परिचय उपाहस पड़ला
पुछियो न पुछलक बैसलाइ जहाँ। निरधन आदर के कर कहाँ
हिमगिरि-मण्डप कौतुक-रसी। हेरि हसल बसे बुढ़ तपसी
से सुनि गौरि रहलि सिर नाए। के कहत मा के तोहर जमाय
साप सरीर ओ काँरव बोकाने। प्रकृति औखध जग केदहु जाने
मनहि विद्यापति सहज कहू। आडम्बरे आदर हो सबतहू

(ख) 'बच्चा उत्पन्न करयवाली देशमे बहुत गोटा छथि। एखन सेवा करयवालीक कमी छैक। तँ हम यैह मार्ग अपनेन छी '

7. 'पीअर आँकुर' निबन्धक सार वस्तु लिखू। 7

P. T. O.



8. कोनो एक शीर्षक पर **तीन** सय शब्द मे टिप्पणी करू : 7

(क) चन्दा झा

(ख) यात्री जी

(ग) विद्यापति

9. कोनो **एक** विषय पर टिप्पणी करू : 4

(क) मिथिलाक चित्रकला

(ख) फगुआक महत्व

(ग) ललित कलाक भिन्न-भिन्न स्वरूप